

# DWA OU E DWA EDIKASYON PITIT NAN ETAZINI

- **Pitit ou a gen dwa ale nan lekòl leta gratis**, kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou oswa pitit ou san pèdi tan.
- Si w pa genyen dokiman lekòl yo mande pou pitit ou a alel, lekòl la ta dwe travay avèk ou pou w jwenn yo oswa pou w itilize enfòmasyon ou genyen yo. Pa egzanp, si ou pa gen batistè pitit ou a, lekòl la ka aksepte yon deklarasyon alekri nan men ou ki endike dat nesans pitit ou a.
- Si anglè pa premye lang pitit ou, **lekòl yo dwe bay sipò langaj ak sèvis pou pitit ou a ka aprann**. Si pitit ou gen yon andikap, lekòl la dwe bay tout sèvis edikasyon espesyal AK sipò/sèvis lang.
- **Si pitit ou a jwenn difikilte pou aprann paske li gen yon andikap pitit ou a gen dwa pou jwenn sipò ak sèvis adisyonèl nan lekòl la**. Ou ka mande lekòl la teste pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal. Lekòl la dwe teste pitit ou a nan lang ki pi byen montre konpetans ak konesans pitit ou a.
- Lekòl la **dwe itilize yon entèprèt ki kalifye** lè yo bezwen pale avèk ou. Après sa, lekòl la **dwe tradwi tout dokiman** ou bezwen nan men yo nan lang ou (san ou pa peye pou sa).
- **Li ilegal pou lekòl yo genyen règ diferan pou ou oswa pou pitit ou poutèt peyi ou soti**. Lwa sa a gen ladan l elèv ak paran ki pa gen dokiman.

**Nou ka ede ou gratis nan plizyè lang. Liy èd pou ede ou a:  
617-357-8431**

Rele nou pou diskite tout pwoblèm ki gen rapò ak  
enskripsyon nan lekòl, edikasyon espesyal, edikasyon nan  
lang anglè, aksè nan lang, ak plis ankò.

Eskane QR kòd pou ou gin aksè ak  
Liy èd lan, oswa vizite nou  
sou entènèt pou plis enfòmasyon



@massadvocates

www.massadvocates.org